

## Ayiti

- Sipèfisi : 27 750 km<sup>2</sup>.
- Popilasyon : 9 446 000.
- Lang : kreyòl, franse
- Chèf leta : René Préval.

**Eske jounalis ki ansasinen yo ap jwen'n jistis? Gen kèk moun ki kondane nan dosye Brignol Lindor yo te ansasinen an 2001, ak dosye Jacques Roche la. Nan mwa dawout, prezidan René Préval te mete sou pye yon komisyon pou ankete sou ansasina moun ki tap travay nan medya yo. Ensekirite-a te fè yon bese, men nan mwa janvyè 2007-la yon fotograf te tonbe anba bal gang yo.**

Gen moun ki te kwè dosye Brignol-la te prèske antere e li te enposib pou yo fè yon pwosè apre 6 lane. Sa yo panse ki te enposib-la rive fèt. 10 ak 12 desanm 2007, 4 nan prezime ansasen Brignol Lindor yo, yon jèn jounalis *Radyo Echo 2000* yo te touye ak kout wòch ak manchèt jou ki te 3 desanm 2001-an, moun sa-a yo te prezante devan cou dasiz Tigwav-la. Senbòl defayans sou gouvènman Jean-Bertrand Aristide-la (2001-2004), crim sa-a kite yon gou anmè nan bouch sosyete Ayisyèn-nan paske ansasen-yo pa pini. Volonte politik René Préval-la apre-l fin eli pezidan nan lane 2006 peze yon gwo pwa nan balans-la ke pèsonn moun pat atann ak sa.

Sèlman 3 nan 10 manm *Dòmi nan bwa* yon gwoup ame ki pwòch Jean-Bertrand Aristide, moun sa-a yo te enkilpe nan lane 2002, yo vin arete apre pakè Tigwav la te fin delivre manda darè deyè yo ane sa-a. 4<sup>e</sup> moun ki te prezan nan pwosè-a te nan prizon depi lane 2005. Finalman, 2 nan akize yo kondane pou pase tout rès vi yo nan prizon : Joubert Saint-Juste ak Jean-Rémy Démosthène. Simon Cétoute, 56 lane, yo konfon'n li ak pitit gason'l jounen jodi'ya ki mouri paske yo te genyen menm non. Anfen, Fritzner Doudoute arete nan lane 2005, te anregistre nan pwosè vèbal yo sou yon lòt non. Kòm gen yon temwen ki rekonèt ke li te la, li gen pou'l repon'n kesyon yon jij denstriksyon menm jan ak Dumay Bony, ansyen majistra Tigwav-la yo repwoche kòm youn nan moun ki te pouse gwoup dòmi nan bwa pou ekzekite Brignol Lindor aprè'l te fin bay yon konferans de près 2 jou avan asasina-a. Konsènan 6 lòt enkilpe ki nan mawon yo, gen ladan yo wè nan zòn Tigwav epi genyen ki nan Pòtopwens.

Jistis- pa vrèman bay jan l' ta dwe bay la enpinite-a toujou ap pèsiste nan lòt gwo dosye laprès nan lane sak sot pase yo : ansasina Jean Dominique, direktè radyo *Haïti Inter* pròch prezidan Préval, ak gadyen l' Jean-Claude Louissaint devan lokal estasyon radyo-a jou ki te 3 avril 2000, lè sa-a se te René Préval ki te chèf leta peyi-a. Dosye sa-a tèlman sansib politikman l'vin konnen yon lòt dram avèk ansasina jou ki te 4 avril-la, yo òm dafè yo te rele Robert Lecorps, non l' te site nan krim lan. Arestasyon, jou ki te 10 desanm, komisè polis

Daniel Ulysse, ki te direktè santral polis jidisyè nan epòk-la ka pote nouvell eleman pou fè ankèt la mache.

### **Yon fotograf touye**

Piti-piti, jistis la ap fè ti pogrè nan kèk dosye. Jou ki te 30 dawout-la 2 chèf gang, Chéry Beaubrun ak Alby Joseph, te kondane pou pase tout rès vi yo nan prizon poutèt yo te patisipe nan ansasina Jacques Roche, chèf sèvis kilti jounal *Le matin* epil' te opoze tou ak rejim Jean-Bertrand Aristide la, yo te kidnapel' jou ki te 10 jiyèt 2005 epi yo vin jwenn kadav la aprè 4 jou nan kapital-la. Yon lòt moun ki te jwenn arestasyon paske nonl' te site, Wensley Boshomme, yon gangstè ki te sove nan penitansye nasyonal nan lane 2005, yo swiv li jis nan mwa oktòb. Polis nasyonal Ayisyen fè yon travay estraòdinè, avèk èd kasble MINUSTAH (Misyon Nasyon Ini pou estabilize Ayiti) nan mwa jiyèt ak novanm yo rive mete men sou 2 moun yo di ki se manm lame kanibal (yon gang ki opoze ak rejim Jean-Bertrand Aristide-la) sanble se yo ki te touye, jou ki te 16 me 2007-la nan Gonayiv (Nò-douyès), Alix Joseph, direktè administratif epi animatè estasyon *Radio-Télé Provinciale*. Ansasina sa-a fèt yon titan avan yo te kidnape epi touye, jou ki te 22 me nan Pòto-Pwens, yon moun ki tap travay nan medya-a : François Latour, li te genyen 60 lane, epil' te konn anime yon emisyon variète nan radyo *Caraïbes FM*. Malgre kidnapping nan fè yon ti bese, men insekrite ya ak aktivite gang yo rete yon gwo defi pou mete sou pye yon leta de dwa. Aprè yo fin anonse arestasyon yon 40 èn gangstè nan kapital-la, nan demen yo touye Jean-Rémy Badiou, yon fotograf indepanndan, jou ki te 19 janvyè ya lakay'li nan matisan (yon katye popilè nan Pòto-Pwens), yon zòn ki sou kontwòl 2 gwoup ame, Lame Ti Manchèt ak Baz Gran Ravin. Daprè sa fanmil' di yo te akize fotograf-la kòm moun kap pran foto yo pou bay lapolis.

### **Yon komisyon Kont enpinite**

Bilan an pa fin twò klè an Ayiti, malgre garanti gouvènman'an bay la près peyi'ya. Jou ki te 10 dawout 2007, René Préval an pèsòn mete kanpe, devan madanm defen Jean Dominique, Michèle Montas (ki se pòt pawòl sekretè jeneral Nasyon ini, Ban ki Moon), Yon nouvell komisyon ki la pou fè avanse ankèt sou ansasina jounalis yo (CIAPEAJ). Prezidan-an se, Joseph Guyler C Delva, korespondan plizyè medya etranje nan Pòto-Pwens epi direktè Pwogram estasyon *Mérodie FM*, te rive pran chemen ekzil anba anpil menas jou ki te 9 ak 25 novanm, men sanble se akòz nouvell fonksyon sa-a. Pwosè ansasin Brignol Lindor yo patap ka fèt san èd CIAPEAJ, gras ak li gen pyès ki te pèdi nan la kou kasasyon, yo rive jwen-n yo.